



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LWA SOU PWOTEKSYON TRAVAYÈ NAN DEPO YO ANVIGÈ KOUNYE A

Lejislasyon sa a gen ladan nouvo egzijans pou sant distribisyon yo divilge done sou vitès travay bay anplwaye aktyèl ak ansyen yo

Pwoteje travayè yo kont mezi disiplinè oswa revokasyon esklizivman akòz yon echèk nan satisfè kota vitès oswa estanda pèfòmans ki pa divilge

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke lejislasyon ki pwoteje travayè depo yo kont kota travay ki pa rezonab ki egzijan yo kounye a anvigè. Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo a (Warehouse Worker Protection Act), ki siyen an desanm lan, gen ladan nouvo egzijans pou sant distribisyon yo divilge done sou vitès travay bay anplwaye aktyèl yo ak ansyen anplwaye yo pou enfòmasyon yo sou pèfòmans yo ak dwa yo nan espas travay la. Lejislasyon an pwoteje tou travayè yo kont mezi disiplinè oswa revokasyon esklizivman akòz yon echèk nan satisfè kota oswa estanda pèfòmans ki pa divilge, ki gen ladan sa yo ki pa pèmèt bon poz.

"Travayè nan depo New York yo merite pou yo trete yo ak jistis, diyite, ak respè, epi n ap fè yon gwo pwogrè nan direksyon pou reyalize sa", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen te fyè dèske m te siyen Lwa sou Pwoteksyon Travayè Depo a pou batay kont kota travay ki pa rezonab epi bay travayè depo yo pwoteksyon kont reprezay anplwayè yo. Avèk lejislasyon sa a ki anvigè kounye a, nou kenbe fèm nan angajman nou pou asire espas travay ki pi jis ak pi an sekirite pou tout Nouyòkè yo".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Travayè depo nou yo jwe yon wòl enpòtan nan kenbe chèn apwovizyonman nou an ap fonksyone, epi yo merite pou yo trete yo san patipri ak yon fason ekitab. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak lejislati a paske yo te mete Lwa sou Pwoteksyon Travayè Depo a an plas pou asire yo pa eksplwate travayè sa yo epi yo ba yo pwoteksyon yo merite".

Avèk Lwa sou Pwoteksyon Travayè Depo ki anvigè kounye a, anplwaye yo ka mande enfòmasyon sou kota yo nenpòt ki lè, epi yo pwoteje kont:

1. Fòse yo travay pandan poz manje yo pou ka respekte kota
2. Limite itilizasyon enstalasyon twalèt pou ka respekte kota

3. Repezay yon anlwayè ki gen rapò ak demann enfòmasyon sou kota oswa rapòte vyolasyon ki gen rapò ak kota

Lwa sa a aplike pou anlwayè ak anlwaye nan sant distribisyon depo yo. Dapre lalwa, yo defini yon sant distribisyon depo gras ak kòd Sistèm Klasifikasyon Endistri Nò Ameriken pou depo ak estokaj (eksepte depo ak estokaj pwodwi agrikòl), machann ki vann an gwo, boutik vant an liy ak vant pa lapòs, ak sèvis transpòtè ak livrezon rapid.

Si yon anlwaye kwè ke anlwayè li a vyole pwoteksyon sa yo, li ka mande yon deskripsyon alekri sou kota sa a. Yo ka mande tou yon kopi dènye 90 jou done pèsònèl vitès travay yo ak yon kopi done total vitès travay yo pou menm kalite anlwaye nan menm etablisman an pandan menm peryòd la. Anlwayè yo responsab pou distribiye enfòmasyon sa yo pa pita pase 14 jou sivil apre yo fin fè yon demann. Anlwayè yo dwe pataje kota yo ak anlwaye yo atravè yon deskripsyon alekri (nan lang yo prefere) pou chak kota yo ta dwe satisfè. Sa a dwe fèt nan lespas 30 jou apre dat yon anlwaye kòmanse.

Pou plis enfòmasyon sou Lwa sou Pwoteksyon Travayè nan Depo a, vizite [sitwèb NYSDOL](#) la. Pou rapòte yon vyolasyon lwa sa a, voye imèl bay labor.sm.warehouse.worker.claims@labor.ny.gov.

Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la, te deklare, "Travayè nan depo yo soufri blesi grav ki gen rapò ak travay nan yon vitès ki pi plis pase de fwa mwayèn pou tout endistri prive yo. Travayè sa yo regilyèman pase tout orè travay yo ap akselere nan travay yo nan yon tantativ pou satisfè kota anlwayè yo mande yo, kote yo soufri twò souvan blesi miskilo-eskeletik ak estrès repetitif kòm rezilta. Lwa sou Pwoteksyon Travayè Depo a bay limit yo t ap tann depi lontan pou pwoteje travayè depo yo kont kota kriyèl yo, epi pou pwoteje yo kont repezay paske yo te reklame dwa yo dapre lwa sa a. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li bay yon lòt fwa ankò priorite a pwoteksyon esansyèl pou travayè yo".

Stu Appelbaum, Prezidan RWDSU, te deklare, "Lè li te siyen Lwa sou Pwoteksyon Travayè Depo, Gouvènè Hochul te fè yon gwo pa nan direksyon pou pwoteje travayè depo atravè Eta New York. Lejislasyon sa a se yon etap enpòtan nan asire yo pa fòse travayè yo chwazi ant travay yo ak sekirite yo. Nou espere gen yon patenarya kontinyèl ak Gouvènè Hochul ak Lejislati a sou plis solisyon pou kenbe travayè yo an sekirite".

###